



Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

28 fevriye 2025

Chè sè ak frè nan Kris la:

Wikenn pwochèn, 8/9 mas, Dyosèz Palm Beach pral gen dezyèm koleksyon anyèl li pou edikasyon seminaris yo ak fòmasyon prêt yo. Depans ki asosye ak pwogram sa yo enpòtan epi yap monte toutan.

Lajan yo kolekte yo itilize pou peye frè ekolaj, lojman, edikasyon ak fòmasyon pastoral sis seminaris nou yo. Pri ekolaj chak ane pou yon seminaris kounyè a se apeprè \$ 25,000, epi chanm ak manje chak ane pou yon seminè se \$ 15,000. Gras a asistans ou, seminaris nou yo kapab vwayaje nan lafwa san yo pa gen chay finansyè konsa yo ka konsakre tèt yo nèt nan fòmasyon prêt yo. Ane sa a, avèk èd Bondye, nou pral òdone Rev. Mesye Jude Okeke kòm prêt.

Sen Pòl te di, "Mwen gen konfyans nan sa a, ke moun ki te kòmanse yon bon travay nan ou pral kontinye fini l jiska jou Kris la." (Fil 1:6). Se pou bon travay fòme seminaris nou yo, ansanm ak lapriyè servan ou yo, bay dividann abondan ak yon ogmantasyon nan vokasyon pou anpil ane kap vini yo.

Avèk rekonesans pou jenewozite w kap kontinye epi ak tout volonte lapriyè m, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito
Evèk Palm Beach